




KLAS 4YÈM ANE



P.S 117
Briarwood, New York

Kourikoulòm klas 4yèm
Avril 2011

Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm klas 4yèm ane

Matematik

Elèv ap aprann multiplikasyon nonm antye ki gen plizyè chif dapre eleman debaz multiplikasyon ak dapre plas chif nan nonm lan. Elèv yo ap kontinye aprann règ divizè pou divize yon nonm pa divizè ki gen de (2) chif.


Syans

Nan Syans n ap revize Egzamen Syans Eta Nouyòk *New York State* (NYS). Sa ap gen ladan l sa elèv yo ap aprann depi Jadendanfan jiska klas 4yèm an.



Syans sosyal

Syans sosyal
Elèv yo ap jwenn enfòmasyon sou seksyon Gouvènman Nouyòk. N ap diskite jan gouvènman lokal yo dekrete lwa, epi ofri sèvis nan kominote Nouyòk yo.



Seminè Lekti ak Redaksyon

Mwa sa n ap akselere seminè a epi n ap ogmante egzijans yo lè n ap kòmanse peryòd preparasyon egzamen nou an. Nou konnen ke Art lang angle *English Language Arts* (ELA) ap pi difisil ane sa a epi yo prevwa l ap vin pi difisil ane apre yo.

Nan egzamen klas 4yèm ane nou prevwa ap gen plis pasaj lekti ak kesyon.

N ap atann pou elèv klas 4yèm ane li pandan 80 minit epi pou yo sanse fòmè yon pi gwo varyete genres.

N ap mande pou elèv yo akimile ak rezime enfòmasyon ak lide nan tèks enteresan sa yo.

Erezman, travay n ap fè pandan tout ane a dwe sipòte elèv nou yo lè y ap pare pou pran egzamen an.

N ap gide elèv yo atravè yon seri pwogram egzamen pratik.

N ap kòmanse semenn lan avèk yon eksperyans jeneral kote tout klas la etidye ansanm pou familiarize l avèk yonn nan *genres* yo ka jwenn nan egzamen an.

Pandan eksperyans jeneral la pwofesè a ap bay timoun yo kòmman ak estrateji pou gide klas la, k ap ede yo oryante yo ak adapte yo ak tèks la.

Rès jou yo elèv yo gen chans pou travay ak pratike avèk yon kamarad klas yo, epi nan fen semenn lan elèv yo ap travay pou kont pa yo.

Semenn k ap vin an n ap kòmanse yon nouvo genre. Natirèlman, elèv kontinye li pou kont pa yo tou.

Mwa sa a nou kòmanse e prepare egzamen (kote n ap anseye elèv yo kouman pou yo itilize estrateji pou yo reyisi) ak egzamen pratik (kote y ap gen chans pou pran egzamen yo te bay anvan yo pou familiarize yo avèk eksperyans pran egzamen).

Nou vle ede elèv nou yo kontinye devlope ak aprann. Nou konnen ke w sipòte efò sa yo lakay ou, epi n ap remèsye w pou sipò sa a.